Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 31 июль Рузман № 31 (7962) Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Конституциялъул Къо кIодо гьабуна

24 июлалда Агъвали районалъул администрациялда тIобитIана Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къоялда хурхун данделъи.

Байрам исана хIухьбахьиялъул къоялде кколеб букIиналъ, гьеб тадбир тIобитIана цебеккунго, итни къоялъ.




Данделъи бачана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас. Данделъи рагьулаго, гьес киназдаго баркана тIаде щолеб байрам ва кIвар буссинабуна республикаялда законалъул тIадегIанлъи, халкъалъул эркенлъи, парахалъи ва рекъел щула гьабиялъе Конституциялъул бугеб хасаб кIвар.

Конституциялъул тарихалъул бицун кIалъай гьабуна райадминистрациялъул халтIухъан Расул Расуловас. Гьес ракIалде щвезабуна 1994 соналъул 26 июлалда къабул гьабун букIанин Дагъистаналъул пачалихъияб гIуцIи цебетIеялъе бищунго кIвар бугел рахъал чIезабураб Аслияб закон. 2003 соналъул 10 июлалда къабул гьабураб жакъасеб Дагъистан Республикаялъул Конституциялъ цIунун руго ва церетIезарун руго гьенир лъурал принципал: чIезабун буго гражданазул ращалъи, цIунулел руго инсанасул ихтиярал ва эркенлъаби, республикаялъул халкъазул мацIалги, маданиятги, гIадаталги.

Данделъиялъул гIахьалчагIазе баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибировас. Гьес тIадчIей гьабуна юридикиял суалазул хIакъалъуль халкъалъе лъай кьеялъуль, тарихияб ракIалдещвей цIуниялъуль, гIолилазуль гражданияб жавабчилъи ва ватIаналде рокьи бижизабиялъуль информациялъулал алатазул кIудияб кIвар букIиналда.

Данделъиялъул ахиралда МухIамад Сиражудиновас баркала загьир гьабуна данделъиялда гIахьаллъаразе ва кIалъазе рахьаразе, кIвар буссинабуна Конституциялъул адаб-хIурмат гьабун гьелул тIалабал тIуразе ккеялде, гьарана киназего щулияб сахлъи, рекъел, гьабулеб ишалъуль икъбал.

### Конкурс




Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствоялъ лъазабулеб буго халкъияб творчествоялъул рахъалъ ХIукуматалъул «Душа Дагестана» абураб конкурс.

ГIахьаллъизе бокьаразул гIарзаби къабул гьарулел руго халкъияб творчествоялъул республикаялъулаб рукъалъ 28 июлалдаса 1 октябралде щвезегIан.

Гьениб бихьизабун буго щибалда кIи-кIи премия (цо-коллективалъе, цо-исполнителасе) бугеб микьго батIияб номинация: халкъияб къурди, халкъияб кечI ахIи, халкъияб бакъан, гIадатлъун бильъараб халкъияб маданият, халкъияв мастер, халкъияб театр, халкъияб музыкалияб алат ва 14 сониде щвезегIан гIумру бугев гIолилав

ГIарзаби къабул гьарула гьаб адресалда: МахIачхъала шагьар, Олег Кошевоясул къватI, 35 «А».

## Бокьулеб хIалтIуе гIумру кьурай

Гьедин абула районцоя аптекарь ПатIиматида. ХIакъикъаталдаги, гьедин кколебги бугелъулха. Гьей лъаларев чи районалда ватиларо къанагIатги. Лъала гьей гIаданлъи бугей, чангияз абухъе, «тохтурзабазда-санги лъикI дараби хIалтIизариялъул къагIидаби рицуней «тохтур» ПатIимат» ва «тохтурлъун хIалтIичIониги, жинцаги гIадамал сах гьарулей аптекарь-ПатIимат» хIисабалдаги.

КIикъоялда анцIгоялде гIунтIун соналъ хиси гьечIого хIалтIулей йиго Агъвали аптекаялда фармацевтлъун ПатIимат МухIамадова. Гьелде щвезегIанги гIемерал соназ хIалтIана Хунзахъ ва Болъихъ районаздаги аптекабазда. ГьитIинго анищ букIана гьелъул тохтурлъун яхъине. Хадубккун къисматаль гIолилалъул гIумрудуль жиндирго планалги журан, дагъабго хиса-басиги гьабуна гьелъул анищазуль. Амма киданиги гьелъул рекIелъе бачIинчIо тIаса бищараб махщалидаса рекIекъабиялъул асар.

ГIемер рагIана гьелда унтараздаса баркалаялъул калимабиги ваге чIезарулел дарабазухъ.

-Ниж тохтурзаби гьечIониги, дару-сабабалда хадур нижехъе рачIарал унтарал, хIажатал дарабиги гьезие кьун, гьел гьекъолеб къаг1ида тохтурас малъухъе гьабеяни абун, «сах гьаризе» изну кьун буго нижеги. ГIададайищха хьахIал халгIатал ретIун ругел аптекаялъул хIалтIухъабаз? Нижер щибаб хIалтIул къо буго Аллагьас нижее кьураб сайгъат-аскIоре рачIаразе малъа-хъваялги гьарун, дараби кьей ва гьезул унти-гIузру бигьалъиялъе дагьабниги кверкьезе. ГIемерисезда бичIчIизабизе ккола дараби гьекъолеб къагIида, цIикIкIарасеб къадар унтаразул чIахIияб гIел букIунелъул, киназулго гуро аскIор хьизан-лъимал рукIунел, тохтурзабаз гьарурал малъа-хъваял ракIалде щвезаризе. Хьван кагътали кьола чанги нухалъ, бицараб кIочене гурин ракIалдеги ккун. Дарабазда хадур гурелги, малъа-хъваязда хадурги рачIуна чангияз. Нижецаги малъула, амма букIаниги, тохтурас гIадин, мухIканаб жаваб нужее кьеларин лъицагоянги абун, ритIула тохтурзабазухъеги, лъикIлъи гьабулебиланги абун, нижго мекьи ккечIого рукIине,-ян бицана ПатIиматица.

РакIалде щвана, жакъаялдаса къого соналъ цебе цо дару босизе аптекаялде ячIарай дида, ПатIимат ягьараб куц, бищун къуватал дарабаздасанищ байбихьулеб унти сах гьабизеянги абун. Гьелъ дихъе бегьана, учузаб, амма, таманаб мехалъ дун кIвекIула букIараб, унти моцIидасанго тIагIизабураб дару.

Дирго гIадинал, лъикIал ракIалдещвеял руго цо нухалъниги ПатIиматиде аскIоре хъулухъалъ ккарал гIадамазулги. Гьей жидер «кIиабилей тохтур» йиги абула чангияз. Чанго аптека Агъвали бугониги, гьелъухъе гурони унарин жалилан рукIуна, ругъунабго гьаб бугилан. Кидаго бадиб гьимигун, ракI рагьун къабул гьарулин гьелъ жалилан. Гьеб кIудияб божилъи ккола инсанасде гьабулеб. Киналго гуро гьединаб къиматалъе мустахIикълъулел.

Жакъа улкаялда хьвай-хьвагIай гьабун, кватIибе биччалеб буго лъебералда кIиго азаралде гIунтIун дару ва дженерик. ХIисаб гьабеха, гьел киналго дарабазул цIаралги бихьизабиялги рекIехъе лъазе ккани… ГIадатияв тохтурасецин захIмалъиларищ гьеб? Аптекарал-фармацевтазул бицинчIого телин. КIиголъабго дару данде кколарого букIани унтарасе цадахъго гьекъезе, аптекараль тохтургун дандги бан, батула къагIида-рес аллергия кколаредухъ дараби данде ккезаризеги.

ПатIиматица бицухъе, «даранчагIи»-дараби росулел камун гьел хутIулел гьечIо, хасго сезонниял унтаби раккараб мехалъ. КигIанго бокьичIониги, сахъат-унтиялъ гьитIинав-кIудияван цIехолеб гьечIелъул нилъеда. КигIанго свакан йигониги, хIал лъазе течIого, къабул гьарула ПатIиматица гIадамал, ва, берцинго, хъулухъги тIубан, регIула. Бокьараб унтуе дараби рукIунин абизе бегьула гьезухъ. Нагагь тIагIун хутIани, заказги кьун бакIарула. ТIаса бищараб махщалие ритIухъай йикIинилан жиндиего кьураб рагIи, ракIбацIцIадго ккуна ПатIиматица. Абизе бегьула гIумруялъго гьелъие хасиятаблъун букIанин «ХIалтIуде-йоха-хинлъун, хIалтIудаса-рекIелъ чIухIигун» абураб калимаялда рекъон хIалтIи. ПатIиматил рахьалъ гьедин аби тIубан данде ккола.

Аллагьас сахлъи кьеги ПатIиматие жеги гIемерал саназ гIадамазе хъулухъ гьабизе.

**Хадижат Залимханова**

## Постановление №113

**от 28 июля 2026 г.**

**О назначении конкурсной комиссии**

В соответствии с Федеральным законом от 20 марта 2025 года № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой публичной власти» и Решением Собрания депутатов СП «сельсовет Нижнегакваринский» от 21.07.2026 г. № 5. **постановляю:**

Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский».

Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района «Цумадинский район» Ш.Омаров**

## Список

**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» МР «Цумадинский район»**

| № | Наименование сельского поселения | Члены конкурсной комиссии, назначенныеГлавой МР | Место работы, занимаемая должность | Члены конкурсной комиссии, назначенные решением Собрания депутатов СП |
|---|---|---|---|---|
| 1 | СП «сельсовет Нижнегакваринский» | Саидахмедов Магомед Мусаевич<br>Джалалов Магомед Султанбекович | Ведущий специалист аппарата администрации<br>Ведущий специалист аппарата администрации | Саадулаев Абакар Дибирович<br>Абдусаламов Сажидибир Абдулхамидович |

# Баркала сах гьариялъухъ



Дагъай цее Агъвали больницаялда егун йикIана дун. Гьениб дие ва дунго гIадал унтаразе гьабулеб дару-сабаб ва хъулухъ бихьидал, ракI чIечIо газета гьоркьоб ккун баркала загьир гьабичIого терапиялъул отделениялъул коллективалъе бетIералда гьелъул заведующий Ризван ГъазимухIамадовгун.

Гьебго гьари букIана гьенир регун рукIарал унтаразулги: жидер рахъалъанги газета гьоркьобккун баркала загьир гьабеян гьезие.

Щибаб къоялъ радал вачIуна Ризван невролог Мадина ГьитIиновагун ва медсестрабигун палатазде унтаразул хал гьабизе, сахгьариялъул кколел хIасилазухъ балагьизе. ХIалтIул къо лъугIизегIан рахIат букIунаро гьезие унтаразда сверухъ лъугьун, гьезие данде кколеб дару-сабаб хъвалаго ва специалистасухъе хал-гьабиялъе гьел ритIулаго. Чанги ккана хIужа кватIараб сардил гIужалъги унтаразухъе гьел ахIизе ккараб: цоязухъе-бидул кьаби борхун, цогидазухъе-дараби рекъечIого, аллергия ккун ва цогидалги гIиллабазда бан. Таманал рукIана Ризванилги Мадиналги унтаразе хъулухъалда макъу тарал сардалги, рахIат биларал къоялги. Жавабчилъигун ва иш бажарун, гьабулеб буго гьез Аллагьасул кириги, гIадамазул баркалаги цIикIкIараб жидерго хIалтIи.

ХIалтIул хIалбихьи жидер цIикIкIарал, махщел камилал къадисел медсестраби Заирагун Мадина ва Шамай, дежуранткаби ПатIиматзагьрагун Узлипат, ПатIиматгун Айна руго ракIбацIцIадал ва бажари бугел хIалтIухъаби. Тохтур хIажалъулароан чанги нухалъ унтаралгун ккарал гIорхъолъан рорчIарал хIалазулъ: гьев тIаде щвелалде медицинаялъулаб хехаб кумекги гьабун, хIажатаб дару-сабабги гьабун, унтарасде тIаде къулун чIолаан тохтур тIаде щвезегIан.



Бокьараб иш тIадкъалин жинца гIолохъанай специалист йикIаниги, жиндирго иш цогидазе мисалияб куцалда лъалей тохтур Мадинадаги тIолго терапиялъулаздагиян гьимулаан Ризванги. Таманал гIумрудул дарсалги хIалтIулъ малъа-хъваялги щолин гьесдаса жидееян гьелги рукIунаан рази-ракиго лъикIав насихIатчи вугин Ризван МухIамадовичиланги абун. Гьеб нижеда, унтараздаги, бихьана больницаялда рарал къояз.



Жеги нухалъ тIадюссунги баркала загьир гьабизе бокьун буго унтараздехун нужер бугеб ракIунтараб бербалагьиялъухъгун тIалабчилъиялъухъ, махщелчилъиялъухъ, тIаде къо ккедал, ганчIиде ракIалги сверизарун, ахирисеб лахIзаталда нужеца чанги хвасар гьабураб гIумруялъухъ, тIадбуссинабураб сахлъиялъухъ.

Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги нужедаса. РикIкIалъаги ургъелалгун балагьал, рохун хутIаги хъизан-лъималаздасан, таги щулияб сахлъиялда халкъалъе хъулухъалда жеги гIемерал соназ.

**Унтаразул цIаралдаса хъвана Хадижат Залимхановалъ**

## Поэзия

# Бузнанухлул цебетIей

Гьале, цебетIун униб,
ЦIар берцинаб Бузнанух.
ЦIар рагIарал, къвакIарал,
Васазул бажариялъ.
КватIиларо лъугIизе
Киназего хIажатаб,
Дагъистаналъул чIухIи,
Халкъияб доб Бузнанух.
Аллагьасе мукIурал,
Иман чорхолъ бессарал,
Садакъа бокьулезул,
Баракаталъ жиб балеб.
Гьале бищунго цере
Гьезул кьерда эхетун,
Аллагь разилъи щваял,
Силдиса васазул тIел.
Гьезул бетIерлъиялда
ЦIумада район жакъа,
Бищун цебесеб кьерда,
Садакъа-хайраталъулъ.
Хасго, жигарчилъигун,
Силдадерил васаца
КIудияб бутIа лъуна,
ЛъикIаб ниятги гьабун.
ЦIумада районалъул,
ЦIар арал багьадурал,
Аллагьас гIадада хун,
Теларо нилъер жигар.
Батила гьеб цо къоялъ
БетIергьанасда цебе.
ХутIила абадиялъ
Дунялалъе баракат.
ЧIаго таги нуж даим,
ЧIагоял цIумадисел,
Щулалъаги чурхдузулъ
Иманги, таваккалги.

**МухIамад ТIалхIатов**,
Силди росу.

# Богос квегъулев патриот

***Журналист ГIабдурахIмание сайгъат гьабула***

«Меседил пероялъ», гIарцул ручкаялъ,
ГIагараб Дагъистан кIодо гьабурав...
БитIараб бицунев, тIекълъи какулев,
ТIиндиса патриот «Богос» квегъулев-!..
Авар адабият, гIурус мацI, гIелму,
ГIагараб ракьалъухъ рукьбал унтарав...
Рецц-бакъ хIажат гьечIев, хIалтIул цевехъан,
Дур къимат гьабула къаламцояца...
Гирулел сонаца, согIаб гIумруялъ,
Дуда гIарцул куназ квелъ балеб буго...
Гьеб рекъараб буго, берцинаб буго,
Дур гIадада инчIел гIумрудул нугIзал...
Богосалъул тIогьил дерец баккидал,
Дур ракI басандула, бисалъул гIадин.
Эдельвейс тIегьалел тIогьал рихьизе,
ТIиндиса патриот, ниж гIахьал гьаре.

. . . . . . . . . . . . .

# Ункъмухъилал жугьаби

ГIинтIидул хъархъазда хIотол бусаби,
ХIанчIаз рехун тарал, янгъиз хутIарал...
Умумузул рукъзал, тIатIала ккарал,
ТIанчIи роржун арал бусаби гIадин...

* * *

Хабал зани гьечIо, заз-хъарахъ гуреб,
Замана ун буго мун аралдаса...
ЛахIту гьабулаго, нахъе хутIараб
ГанчIил къоно буго къаданиб кIусун...

* * *

Аваданал ракIал, рохалил бертин
Рехун тараб заман, зазилаб майдан...
Херал бахIарлъулеб бухIаяб дунял,
БухIулаго ракIгун, сверулел сонал...

* * *

Баче зурма-къали, зоб-ракь гьаргьазе
Зодихъ цIваби риччай нижей хъат чIвазе...
ГIолохъанлъи, рокьи ракьулъ букъуге,
РекIелгъей дагьлъани, унти цIикIкIунин...

* * *

Дол арал соналги, сухIмат-бертинги,
Сунареб цIа гIадин, цIунун хутIана!...
Бертахъ урхъун вуго дун, гIолохъаби,
ГIолохъанаб заман ракIалдеги щун...

**ГIабдула Зубаиров,** Хуштада росу

# Дир рекIей дарулъун рещтIараб Къуръан

Дир рекIей дарулъун рещтIараб Къуръан
Нафсгун дун къеркьолелъ къуваталъе чIа.
ЧIалгIаде биччалеб заманаялъулъ,
Виччаге тохлъизе. Ваче дур нухда.

Дир гIумру къачIазе, къадру гвангъизе,
Дудасан кIудияб давлаги гьечIо.
Гьаб дир къокъаб гIумру, дагьалго къоял,
Дургун махIаббатгун тIамизе виччай.

Дир гучаб нафсалда чангитал жеме,
Чорхол ихтияр кьун, эркенго тоге.
Тоге жаниб дир ракI гьелъухъ гIинчIвазе
ГIемераб балагьун бугин тирилеб.

Дуда хъвараб дир квер, нафсалъе бокьухъ
Бокьахъе, гьукъараб гьабизе тоге.
Тоге гьал дир берал, мун цIалун хадуб
ЦIадуй хIакълъулелда ралагьун чIезе.

Рагье дир рекIелъе дудехун рокьи,
Дунялгун ахират вохараб кьезе.
Кье дудехун дие унгояб къуват,
Аллагьасул калам - дуде аманат

**ХIусен Исламов**, Метрада росу

# Ракьалде, чIужугIадан...

-Ракьалде, чIужугIадан,
Мун щибизе ячIарай?
-Лъимадуй гIумру кьезе,
Гьелда ккараб борхизе.

-Дуй ракьалда бищунго
Щиб асар хиралъараб?
-Лъимер каранда кьижун,
РекIелъ букIунеб асар.

-Ракьалда, чIужугIадан,
Бищун берцинаб рагIи?
-Дир лъималадул кIалдисан
«Баба»,-ян араб рагIи.

-Ракьалда, чIужугIадан,
Бищун бухIараб магIу?
-Хвараб лъимералда тIад
Эбелалъ тIолеб магIу. ...

Нагагь, гьелда рекъечIей
ЧIужугIадан ятани,
Гьей чIужугIадан гуро,
Гьелда батIияб цIар лъе.

# Дир ратIлил хал гьабуге

Дир ратIлил хал гьабуге,
Гьурмада балагьуге,
Балагьун свакалареб
РакI бугеблъи лъан букIа.

Дир бечелъи борцуге,
ЦIаралъе къимат кьоге.
Къадру рехун толареб
РухI дилъ бугеб кIочонге.

# РитIухълъи, мун ракьалда...

РитIухълъи, мун ракьалда
БукIинего букIанищ?
Мун букIунги батила...
Дунго кватIун ятила.

Рохел, дир сверабазде
Сверизего сверанищ?
Мун сверунги батила...
Дун сабру хун ятила.

ТалихI, дуца дир горду
Къиризего къиранищ?
Гьеб къирунги батила...
Дунго хIинкъун ятила.

Гьудул, мун дир гIумрудулъ
ВукIинего вукIанищ?
Мун вукIунги ватила...
Дида кIочон батила.

ГIолохъанлъи, къасдазде
Дур кверщелго букIанищ?
Гьебги букIун батила...
ГIакълуялъ тун ятила.

**Загьрат МухIамадова,**
Инхокъвари росу

## Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Администрация муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан (уполномоченный органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута) | |
| 2 | Строительство и эксплуатация линейного объекта системы газоснабжения «Распределительный газопровод в н.п. Сантлада Цумадинского района Республики Дагестан», в соответствии с пунктом 1 статьи 39.37. Земельного кодекса Российской Федерации (цель установления публичного сервитута) | |
| 3 | **Кадастровый номер** | **Адрес или иное описание местоположения земельного участка (участков), в отношении которого испрашивается публичный сервитут** |
| | 05:38:000069:7 (05:38:000069:6) | Республика Дагестан, р-н. Цумадинский |
| | 05:38:000053:136 | Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада |
| | 05:38:000053:327 | **Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Сантлада** |
| | 05:38:000088 | **Российская Федерация, Республика Дагестан, м.р-**н Цумадинский |
| | 05:38:000053 | **Российская Федерация, Республика Дагестан, м.р-**н Цумадинский |
| | 05:38:000032 | **Российская Федерация, Республика Дагестан, м.р-**н Цумадинский |
| 4 | Администрация муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан<br>368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали<br>тел. (87273) 2-52-11<br>E-mail: tsumadarayon@e-dag.ru<br>время приема: по предварительной записи (адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и прилагаемым к нему описанием местоположения границ публичного сервитута, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута) | |
| 5 | Администрация муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан<br>368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали<br>тел. (87273) 2-52-11<br>E-mail: tsumadarayon@e-dag.ru<br>В течение пятнадцати дней со дня опубликования сообщения о возможном установлении публичного сервитута в порядке, установленном для официального опубликования (обнародования) правовых актов поселения, городского округа, по месту нахождения земельного участка и (или) земель, указанных в пункте 3 данного сообщения.<br>(адрес, по которому заинтересованные лица могут подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений) | |
| 6 | - Региональная программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022-2031 годы»;<br>- Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута<br>(реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, а также информацию об инвестиционной программе субъекта естественных монополий) | |
| 7 | https://mr-tsumada.ru/<br>(сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, инвестиционная программа субъекта естественных монополий) | |
| 8 | https://mr-tsumada.ru/<br>(официальные сайты в информационно - телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем ходатайстве об установлении публичного сервитута) | |
| 9 | Дополнительно по всем вопросам можно обращаться:<br>ООО «Газпром газификация»<br>195277, г. Санкт-Петербург, вн. тер. г. Муниципальный округ Сампсониевское, пр-кт Большой Сампсониевский, д. 60, литера А | |
| 10 | Графическое описание местоположения границ публичного сервитута, а также перечень координат характерных точек этих границ прилагается к сообщению(описание местоположения границ публичного сервитута) | |

## Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Администрация муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан (уполномоченный органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута) | |
| 2 | Складирование строительных и иных материалов, возведения некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещения строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения «Распределительный газопровод в н.п. Сантлада Цумадинского района Республики Дагестан», в соответствии с пунктом 2 статьи 39.37. Земельного кодекса Российской Федерации<br>(цель установления публичного сервитута) | |
| 3 | **Кадастровый номер** | **Адрес или иное описание местоположения земельного участка (участков), в отношении которого испрашивается публичный сервитут** |
| | 05:38:000069:7 (05:38:000069:6) | Республика Дагестан, р-н. Цумадинский |
| | 05:38:000053:299 | Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с/с Инхокваринская с/администрация |
| | 05:38:000053:136 | Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада |
| | 05:38:000053:327 | **Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Сантлада** |
| | 05:38:000088 | **Российская Федерация, Республика Дагестан, м.р-**н Цумадинский |
| | 05:38:000053 | **Российская Федерация, Республика Дагестан, м.р-**н Цумадинский |
| | 05:38:000032 | **Российская Федерация, Республика Дагестан, м.р-**н Цумадинский |
| 4 | Администрация муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан<br>368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали<br>тел. (87273) 2-52-11<br>E-mail: tsumadarayon@e-dag.ru<br>время приема: по предварительной записи<br>(адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и прилагаемым к нему описанием местоположения границ публичного сервитута, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута) | |
| 5 | Администрация муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан<br>368900, Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали<br>тел. (87273) 2-52-11<br>E-mail: tsumadarayon@e-dag.ru<br>В течение пятнадцати дней со дня опубликования сообщения о возможном установлении публичного сервитута в порядке, установленном для официального опубликования (обнародования) правовых актов поселения, городского округа, по месту нахождения земельного участка и (или) земель, указанных в пункте 3 данного сообщения.<br>(адрес, по которому заинтересованные лица могут подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений) | |
| 6 | - Региональная программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022-2031 годы»;;<br>- Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута<br>(реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, а также информацию об инвестиционной программе субъекта естественных монополий) | |
| 7 | https://mr-tsumada.ru/<br>(сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, инвестиционная программа субъекта естественных монополий) | |
| 8 | https://mr-tsumada.ru/<br>(официальные сайты в информационно - телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем ходатайстве об установлении публичного сервитута) | |
| 9 | Дополнительно по всем вопросам можно обращаться:<br>ООО «Газпром газификация»<br>195277, г. Санкт-Петербург, вн. тер. г. Муниципальный округ Сампсониевское, пр-кт Большой Сампсониевский, д. 60, литера А. | |
| 10 | Графическое описание местоположения границ публичного сервитута, а также перечень координат характерных точек этих границ прилагается к сообщению<br>(описание местоположения границ публичного сервитута) | |

## Разъяснение прокурора

### Прекращение опеки и попечительства

Опека и попечительство над несовершеннолетними гражданами прекращаются в случаях вынесения судом решения о признании подопечного дееспособным или отмены ограничений его дееспособности по заявлению опекуна, попечителя или органа опеки и попечительства.

По достижении малолетним подопечным четырнадцати лет опека над ним прекращается, а гражданин, осуществлявший обязанности опекуна, становится попечителем несовершеннолетнего без дополнительного решения об этом.

Попечительство над несовершеннолетним прекращается без особого решения по достижении несовершеннолетним подопечным восемнадцати лет, а также при вступлении его в брак и в других случаях приобретения им полной дееспособности до достижения совершеннолетия

**А. Гасанов,** помощник Ботлихского межрайонного прокурора

### В Дагестане предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более




В Республике Дагестан предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более-военнослужащему выплачивается единовременное денежные выплаты в размере до 4 100 000 рублей, из которых:

- 400 000 руб. - федеральная выплата;
- 2 700 000 руб. - региональная выплата;
- 400 000 руб. - региональная выплата (подразделения резерва);
-от 100 000 до 600 000 руб. - выплаты от городов и муниципальных образований;

-Зарплата военнослужащих начинается от 210 тысяч рублей в месяц.

От 6 100 000 - итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.

- Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану: 8 (989) 484-69-95.

## Газпром

### Только каждый четвертый владелец счетчика передаёт показания

Счётчики устанавливают, чтобы сделать оплату за газ прозрачной и справедливой. Это главный помощник в экономии семейного бюджета.

Ежемесячно, до 25 числа поставщик газа ожидает от абонентов данные – объем потребленного за месяц газа. Однако, дисциплинировано исполняет это важнейшее правило лишь только каждый четвертый владелец счетчика.

Единственный и лучший способ контролировать расходы за газ – это счётчик. Для чего же владелец газифицированного помещения тратит деньги на покупку и установку счётчика, если не передает его показания поставщику? Это удивительно, но факт. Потребители коммунальных услуг устанавливают счетчики, оплачивая немалые деньги как за сам прибор, так и за его монтаж, а после забывают передавать показания с работающего счетчика.

В следствии непереданных показаний, как снежный ком нарастает задолженность, так как поставщик газа начинает вести расчеты с абонентом по нормативам.

Поставщик газа в Дагестане «Газпром межрегионгаз Махачкала» настоятельно рекомендует соблюдать дисциплину с передачи показаний счётчика. Многие дагестанцы уже научились существенно экономить на платежах за газ и распределять семейный бюджет, зная количество расхода в своем доме по месяцам.

22, 23, 24, 25 – дни июля когда надо передать показания газового счётчика. Легко это сделать через «Личный кабинет абонента» на сайте поставщика газа.

## Спорт

### Гъази Халилов: Нилъ рикьуларо миллатаздегун диназде, аслияб жо - инсанлъун хутIи

Спорталъул бицунаго нилъеда цере чIола медалалгун таблоялда тарихал ва пьедесталал. Амма кидаго гуро гьеб гьедин букIунеб: букIуна цогидаб рахъги. ГIемерисеб мехалъ гьелъ бихьизабула спортсменасул лъикIаб рахъ, гьесул гIаданлъигун адаб-хIурмат буголъи, цо чиясда сверухъ батIи-батIиял миллатазул, гIадатазул ва диназул гIадамал ракIари. Гьеб ккола спорталъул кинабгIаги месед-гIарацалдаса багьаябги, тIадегIанабги хасият.




Гьеб киналъулго бицунеб буго нилъер ракьцояв, Астраханалда гьавурав, гIурав спорталъул мастер КIванада росулъа Гъази Халиловас жиндирго гарачIвариялда.

-Сонайил щвезе хIаракат бахъула Дагъистаналде. Дагъистаналъул буго кибго цIар тIибитIараб, цогидазе мисалиябин абизе бегьулеб, гIаданлъиги, гIадатлъиги, гьобол-гьудул хиралъиги, чIахIиязул адаб-хIурмат, гIисиназул тIалаб гьабиги. Данде бакIарула кинабго гIагарлъи, гьудул-гьалмагълъи, букIуна гIодорчIей. Киналго къватIире рахъун, регIула къецазде, рукIуна дир церерахъиназулгун хIасилазул ургъел-пикрабалъ,-ян абула Гъазица.

Астрахань ва Дагъистан. КIиго батIияб регион, кIиго батIияб маданият ва, амма, цо хъизан. Гъазил гIадатияб гьеб хабаралъулъ буго тIубараб гIелму. Гьес бищулеб гьечIо цояб цоялдаса лъикIабилан я Астрахань, я Дагъистан, харбилъ гьечIо миллатчилъи. Гьес гIадатго гIумру гьабулеб буго кIиябго маданияталъул лъикIабщинабги босун, цадахъ ругел батIи-батIиял миллатазул гIадамалгун ракIжубан.

Гьес нахъе тана къогоялдаса цIикIкIун сон ругьунлъабазулгун цеве вахъиназул. Гугариялъул лъабго батIияб тайпаялда цеве вахъуна гьев: эркенаб, греказулгун румазул ва рачелазда гугари. Лъабго нухалъ вахана гьев Дунялалъул чемпионаталда пьедесталалъул лъабабилеб ва кIиго нухалъ- кIиабилеб болъабазде. Меседил медалдаса цо галул манзилалъ рикIкIад вугев Гъази, кьварун гьелда хадув лъугьун вуго. Нилъ божула цебе лъураб масъала Халиловас тIубалин.

ГIадамаздехун адаб-хIурмат бугев, лъикIал хIасилазде божилъи лъезабулев, гугариялъул киналго рахъалги лъалев, гьелде кIварги буссинабулев лъикIав спорсмен вугин Гъазиян абула гьесул хIакъалъулъ тренер Назир Аюповас.

-ЗахIмат бокьулев, гьелдаса нахъе къан чIоларев, жиндаго тIад кIвахI тун хIалтIулев гIолохъанчи вуго Гъази,-ян тIаде жубала Россиялъул мустахIикъав тренер Виктор Строгановасги. -ГIолохъабаз хIаракат бахъула гьесдаса мисал босизе. Гьеб батилин ккола гьесул хасиятазул бищунго кIвар бугеблъунги. Щайгурелъул, гIолохъабазул, кIудияв гьалмагъасухъги балагьун, гьесда релълъараллъун рукIине хIаракат бахъиялъ бицунеб буго гьесдасан хIинкъиялъул гуреб, гьесдехун бугеб унго-унгояб адаб-хIурматалъул, Гъази Халилов гьеб ихтияралъе жиндирго мисалалдалъун мустахIикълъарав вукIиналъул.

ГIолохъанав спортсмен ГIабдула СафаргIалиевас гIемер бицуна спортзалалде вачIараб мехалъ Гъазица жиндие ва цадахъ ругезе кидаго гьарулаанин малъа-хъваял. ГIолиласул каламалъулъ гьел рагIабаз гIицIго баркала кьей гуребги, загьир гьабулеб буго гьесдехун бугеб адаб-хIурматги, Гъазица живго цогидаздаса тIадегIан гьавичIого, дандиял гIадин, жидее гьарурал малъа-хъваязухъ. Гьеб ккола унго-унгояб гIаданлъи: мунго тIогьиве вахараб мехалда, дуда аскIор-сверухъ ругезухъе квер бегьизе кIочонгутIи.

Гъазие хасиятаб буго гIадан-инсан вокьи, гьесдехун бугеб бербалагьи, миллат-диналъухъ балагьун, гьев ватIа гьавунгутIи.

-Дица миллат-диналъухъ балагьун ватIа гьавуларо инсан. Нилъ рикьуларо миллатаздегун диназде. Спортзалалъур гьечIо магIарулав-гIурусав, бусурбанав-христианав-иудеяв абун чи. Гьениб буго спорт, ракълил чапар. Щивасул буго жиндирго дин. Щивас хIурмат гьабула дандиясул. Аслияб жо ккола инсанлъун хутIи. Гьенир гьечIо нилъерал-дозулал, руго спортсменал, хIажалъи ккаралъуб дандиязе кумекалъегун хIалае тIоцебе кверги бегьулел, цоцазул адаб-хIурматги гьабун, цоцаздехун цIайиги бугел,-ян тIаде жубана Гъазица.

Гьеб буго цохIо Гъази Халиловасул гуребги мисалалдалъун нилъер унго-унгояб улка, кIудияб Россия, чIобогосеб харбилъ гуреб, ишазулъ. Гъазил къиса цохIо спорталъул гуро бугеб. Гьеб буго адаб-хIурматалъул, насихIатчилъиялъул, унго-унгояб бихьинаб хасияталъул, гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун бугеб. Гьев цохIо меседгун гIарацалъе гIоло гуро вагъулев вугев ургуялда. Гьев вагъулев вуго сверухъ гьудуллъигун вацлъи щулалъизе, гIаданлъиялъул хинлъи цIикIкIине, рикьалаби дагьлъизе. Гьединаб цевевахъин киналгIаги медалаздаса кIвар цIикIкIараб буго. Щайгурелъул, инсанасул гуч вагъиялъулъ гуреб, дандияздехун бугеб адаб-хIурматалъулаб бербалагьиялъулъ буго ва гьеб гьедин букIин Гъази Халиловас къойилго бихьизабулебги буго нилъеда.

**Интернеталдаса босараб**

### Призерлъун вахъана




Июлалъул байбихьуда Москваялда тIобитIана корэш гугариялъул рахъалъ Дунялалъул Кубок. Россиялъул командаялда гъорлъ гьенив гIахьаллъана нилъер ракьцояв, Къеди росулъа Сапиюла Сапиюлаев. Гьеб ихтияр гьесие щун букIана цевеккун Россиялъул чемпионаталда призерлъун вахъун вукIиналъ. Лъабго къоялъ халатрахъарал хIалуцарал къецазулъ 85 кг. цIайиялда Сапиюла вахъана мазгарул призерлъун.

Гьеб бергьенлъи кIоченелде, цIидасан рохизаруна Сапиюлагьица. 27-28 июлалда Москваялда тIобитIараб ургуялъул махщалилазда гьоркьоб Россиялъул чемпионаталдаги вахъана гьев лъабабилев призерлъун.

Баркула гьесда бергьенлъаби ва гьарула хадубккунги спортивияб икъбалгун пьедесталалъул тIогьиве вахин.

**Шамил Бадрудинов**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 902
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.